Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

№ 9
(7253)
2017 сон 8 март

sadovoduns@yandex.ru

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод»

Багьа 7 гъурущ

# 8 мартгун, магІарулай!




Хириял, хІалимал руччаби!
РакІ-ракІалъ баркула нужеда ихдалил бищун берцинаб ва гвангъараб праздник 8 Март

ТІабигІаталъ чІужугІаданалъе кьун буго дандекквей гьечІеб берцинлъи, тІагІунареб къуват, рекІел бацІцІалъи, хІеренлъи, хІалимлъи, ритІухълъи, мутІигІлъи ва гІадамал хІайран гьарулеб сабру. Ну-



жеца цІунула хъизаналъул гъасито, тарбия кьола лъималазе, пачалихъиялгун гІаммал ишазулъ росула бергьенлъаби. Гьеб киналдаго цадахъ хутІула гІолохъанайлъун ва гьайбатайлъун.

Гьаб ихдалил къоялъ гьарула Дуе ва гІагаразе гьими, гьайбатаб праздникалъулаб ракІ бохи, хъизаналъулаб талихІ, гьабулеб ишалъулъ битІккей, щулияб сахлъи! Кидаго рукІа гьайбаталлъун, сагьвиллъизарулеллъун ва рокьулеллъун!

**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетІер**

# Гьарула!

Нужее, руччаби, бералъ гуребги
БухІараб каранда канлъи гьарула!
Киналго тІуралел тІадал ишазулъ
ТІолалго хІайранаб махщел гьарула!

Рукъги кьоги цІураб канлъи гьарула
Каранда ракІ цІураб рокьи гьарула!
РекІеда иманги аскІоб талихІги
Гьардарав Аллагьас насиб гьабеги!

**РЕДАКЦИЯ**

# Послание гьоркьоб лъуна

### Активалъул данделъиялдаса



Араб анкьалда райадминистрациялъул актовияб залалда букІана районалъул активалъул заседание. Гьениб гьоркьоб лъуна РДялъул БетІер Р. ГІабдулатІиповасул республикаялъул Халкъияб Собраниялде гьабураб Послание.

ДандчІвай рагьана халкъияб Собраниялъул пред. К. Асадулаевас. Районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас цІалана Посланиялъул кІвар кьезе кколел рахъал, бицана районалъул гІумроялъулъ ахирияб заманалда ккарал хиса-басиязул. Гьес бихьизабуна Р. ГІабдулатІиповасул нухмалъиялъул заманалда регионалъул гІумроялъулъ лъикІал хиса-басиял ккананин, гІадамазул власталдехун божилъи цІикІкІанин. – Сентябралда рищиял ана лъикІ, гьеб ишалъулъ жигараб бутІа лъуна республикаялъул ва районалъул рухІияб власталъ. Районалда чІара-хьараб ахІвал-хІал букІинабиялъе хІаракатаб хІалтІи гьабуна нилъер имам Гъ-М. Абакаровасги. Муфтияталъул кверчІваялдалъун ва республикаялъул БетІерасул хІаракаталдалъун «АхІулгохІда» рагьана культуриябгун мемориалияб комплекс.

ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна лъикІаб хІалтІи гьабунин АТКялъги,-абун. –Гьеб ра хъалъ цІакъго цІикІкІараб хІалтІи гьабуна зам. М. ХІамзатовас. – Гьединго лъикІаб рахъалдехун хІалтІи хисана росдал магІишаталъул, хадубккунги гьеб рахъ цебетІезабизе ккола. «Посланиялда Р. ГІабдулатІиповас ахІулел руго жидерго росаби, ахал рукІалиде ккезариялде, магІарухъе тІад руссиналде. Гьеб рахъалде, хасго магІишаталде кІвар кьезе ккола нилъеЦаги. Нилъер буго ракь, къуват, хІалтІизе гьира. Гьединлъидал росдал магІишат рукІалиде ккезабизе кинабго гьабизе ккола.

ЛъикІал рахъазул бицунаго ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна районалда г1емерфункционналияб Центр рагьанин, гІемераб хІалтІи гьабулеб буго гІолилазда гьоркьобги.

Заседаниялда кІалъана ХъахІабросдал бетІер М. МухІамадов. Гьес ракІ-ракІалъулаб баркала кьуна ГІ. НурмухІамадовасе росулъ лъикІал хІалтІаби гьаризе квербакъара лъухъ.

# Токалъул суалалда хурхун



Араб анкьалда райадминистрациялда букІана бухІараб токалъухъ гІарац кьеялде буссараб данделъи. Гьенив гІахьаллъана ПАО «ДЭСК» управлениялъул директор А. Ерошкин, «Дагестанские электрические сети» управлениялъул начальникасул зам. ХІ. Мусаев ва цогидалги.

Жиндирго кІалъаялда А. Ерошкиница бихьизабуна арал соназда данделккун бухІараб токалъухъ гІарац кьей лъикІ бугониги жеги гІей гьабуларин, ай гьеб хІалтІухъабазе харж кьезецин гІолеб гьечІин.

Гьенибго нилъер районалъул бетІерасул кумекчи М. ХІажиевас суал борхана зона затоплениялда хурхун бугеб налъул. Гьединго гьес бихьизабуна гІемерал росабалъ токалъул гІодобегІанаб напряжение бугилан. Поселениялъул районазда гьоркьосеб больницаялъул бетІерай врач З. МухІамадовалъ суал борхана ток багьаго букІиналъул. Гьеб суал жинда хъатІуларин бихьизабуна Ерошкиница. Токалъул гІарац бакІари лъикІ гьечІин бихьизабуна М. Мусаевасги. Данделъиялда гІахьаллъарав Балахьуниса вакилас гьалбадерие предложение кьуна гьоркьор посредникал гьечІого токалъухъ гІарац бакІарулеб къагІидаялъул система гІуцІани лъикІ букІинаанин.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 9 (7253)*

*8 март 2017*



## *МагIарулай*

Гъаб ихдалил къоялъул
Хинлъи, недегълъи бугей,
МугIрул чабхил иццалъул
БацIцIалъи, тIокIкIел бугей.

ЩУлакьодул гьветIалъгIан
Кьалбал гьварид риччалей,
Кьурабаз, мугIруз гIадин
РекIелъ щулалъи кколей.



# Къиматай нухмалъулей

МахIмудие йокьарай, Расулица еццарай,
МагIарул чIужугIадан, бицине бегьила дур.
Пушкиница бицарай, Толстояс роман хъварай,
РекIелъ гурхIел кIудияй, хъвала дица дуе кечI.
Росда нур барай месед, гьитIичал хирияй яс,
Хасаб буго дулъ махщел, коллектив цебе цIазе.
Щибаб группаялда хIалтIи лъикIго гIуцIизе
ГIемераб жо малъула, дуца хIалтIухъабазда.
Рихьуни «Фиалка» сад, бищунго цIакъ къачIазе
Къаси-къад мех лъаларей лъугьана мун, ГIунайзат
Гьайбатаб гIумро бугей, рекIелъ иман цIикIкIарай,
Рохел, сахлъи кьеги дуй, дир лъикIай магIарулай!



Дица ГIунайзат ГIабдулхIамидовна рикIкIуна гьудул-гьалмагълъунги, гIагабожарайлъунги, росуцояйлъунги, гIакъилай, хIалбихьи бугей нухмалъулейлъунги. АнцIила анлъго сон унеб буго ГI. ХIусейновалъ Рихьуни росулъ бугеб лъималазул ахил миллат гьабулеб бугелдаса.

ЗахIмалъи данде чIваниги къуркьулеб гIамал-хасияталъул гIадан гурелъул, ГIунайзатида бажарана лъималазул ясли-ахикь киналго шартIал чIезарун. Хинал помещениял, тIагIамаб квен, хIалбихьи бугел воспитателал, рацIцIалъи, берцинлъи, цоцазул адаб-хIурмат гьаби, киназдаго гьоркьоб гьуинлъи буго гьеб минаялъуб. ГьабсагIаталда ясли-ахикье хьвадулел лъималазул къадар нусгоялдасаги цIикIкIараб буго.

Школалде ритIилалда цебеги ГIунайзат ГIабдулхIамидовналъул нухмалъиялда гъоркь лъимал хIадурула суратал рахъизе, хъвадаризе, малъула гIурус мацI. МацI лъангутIиялъул проблема нижер школалдаги букIунаро, гьебги буго ясли-ахалъул хIалтIухъабазул лъикIаб хIалтIул хIасил.

Ясли-ахикь хIаракат бахъула гьитIичал кинабго рахъалъ церетIураллъун рукIиналъе, лъикIаб хIалтIи гIуцIула воспитательзаби З. МухIамадовалъ, Г. ХIасановалъ, художница – дизайнер Н. МухIамадовалъ, музыкантал ГI. МухIамадовалъ ва Н. Кихасуровалъ.

Дунги гьал къоязда гьоболлъухъ щвана ГIунайзатихъе ва рекIее кIудияб асар гьабуна тартибалда гIуцIараб хIалтIиялъ, заведующаялъул гIакъилаб каламалъ, щивасдехун бугеб бербалагьиялъ, гьезул гьабулеб тIалаб-агъазалъ. Гьединай нухмалъулей йикIиналъ районалдаго цебесеб бакIалда буго «Фиалка» ясли-ах.

ГI. ХIусенова релълъуна унго-унгояй тохтуралдаги, гIакълучIужуялдаги, гьудул-гьалмагъалдаги, эбел-яццалдаги. Дие кIудияб рохел буго гьей рогьалил гIужалъ дандчIвай, гьелъул недегьаб калам, кIудияй яццалъул гIадал малъа-хъваял.

ГIунайзат ГIабдулхIамидовналъ цIакъ къимат-къадру цIунула чIахIиязул, яккула херазухъе, кумек гьабула унтаразе, ма лъула дараби. Кинабго рахъалъан цеетIурай, иман-яхI бугей, гIамал гьитIинай, гIагабожаразда ва росуцоязда гьоркьой йикIаяхъине лъалей.

ГIунайзатил ясал Наида, Асият ва ПатIиматги руго эбелалда релъарал, гьезие щвана тIадегIанаб лъай. Наида хIалтIулей йиго Москвалда врачлъун, Асият ва ПатIимат ккола эбелго гIадал педагогал.

Биччанте, ГIунайзат, дуе г1умроялъ
Бакъ хъахIилаб зодоб къалъун кенчIезе,
Камилаб нухдасан мун гьелъ хинлъизе
Гьарурал ишазул гьуинлъи лъазе.
Биччанте нахъеги бергьенлъабазе
Нух дур гIатIилъизе, сахлъи дуй щвезе.
Баркула ракI-ракIалъ 8 март
Талих1-рохалида хут1аги даим!

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА**

**Рихьуни росу**

# ХIалтIулаб совешаниялда



Араб анкьалда райадминистрациялда ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана хIалтIулаб совещание. Гьениб бетIерас бихьизабуна ВатIан цIунулезул къоялда хурхун районалда тIоритIарал спортивиял тадбирал тIадегIанаб даражаялда анилан. Гьединал тадбирал гIуцIиялъ гIадамазда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъи щула гьабулин, гьезул къуват-жан битIараб рахънибе буссинабулин, гIолилазда гьоркьоб цоцалъ гъунки щулалъулин.

Совещаниялда бицана унел моцIазда гьаризе ругел хIалтIабазул планазул. ГIолилазда гьоркьоб спортивиябгун тарбия кьеялъул рахъалъ хIалуцараб хIалтIи гьабулеб бугин бихьизабуна гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул зам. А. МухIастановас. Гьес абуна Северияб Кавказалъул гIолилазул «Мащук-20I7г.» форумалде хIадурлъулел ругиланги.

Гьединго ГI. НурмухIамадовас суал борхана цIар рагIарал гIадамал МахIач Дахадаев ва имам Шамил ракIалде щвеялъул ва гьарурал къоял кIодо гьаризе хIадурлъизе кколин. «Дица гьарула нужеда гьел кIодо гьариялъул суалазде кIвар кьун балагье. Гьел лъугьабахъинал ккола республикаялъулаб кIвар бугел. Гьел бихьинчилъиялъул цIар арал гIадамаз республикаялда ва Россиялдаго машгъур гьабуна Унсоколо район»,- абун бихьизабуна бетIерас.

Совещениялда борхана гIолеб гIелалъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул суалги. Хасго кIвар бугеб суаллъун ГIиса НурмухIамадовас бихьизабуна гIолеб гIелалда гьоркьоб тIибитIун унеб бугеб «Синий кит» хIаялъул. «Лъай кьеялъул отделалда хехго ва чIванкъотIун гIолеб гIелалда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялде кIвар кьезе тIадаблъун гьабулеб буго. Г1исинал, кIудиял росабалъги батIалъи гьечIо гьеб суал хъаравуллъиялда гъоркь чIезабизе ккола щибаб школалда. Юристазда тIад къалеб буго смартфонал школалъул территориялда хIалтIизаризе гьукъизе проект хIадуре,-ян. Интернеталде ракки гьезие букIине ккола учительзабазул ва эбел-инсул хъаравуллъиялда гъоркь. Гьеб ишалда хурхун дида лъани кигIан гьитIинабги бичча-бихъан тей, гIайибиязе гIадлу букIине буго къвакIараб» абун лъазабуна бетIерас.

Совещаниялда рукIана жеги батIи-батIиял суалалги; ЖКХялъул, мусор бакIариялъул, экономикаялъул отделалъул ва информационнияб хъулухъалъул. Гьенибго ВатIан цIунулезул къоялда хурхун лъикIал хIалтIаби гьаруразе кьуна райадминистрациялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби.

# Платить за коммунальные услуги через терминалы МФЦ быстро, удобно и надежно.

С помощью терминалов, расположенных в МФЦ, можно за считанные минуты провести оплату за газ, свет, мусор и другие коммунальные услуги. Вы можете это сделать самостоятельно или с помощью специалиста центра. Принцип операции прост:

- Выберите из перечня нужный пункт оплаты;
- Набирайте во вплывшем окне номер лицевого счета;
- Вводите показание счетчика;
- Вносите сумму задолженности, нажимаете кнопку «Оплатить».

Кроме коммунальных услуг, через терминалы можно оплатить все виды налогов, штрафы ГИБДД, госпошлины и ряд других платежей. Более подробную информацию можно узнать по номеру **Call-центра: 8(938)-777-83-01**

## Бергьенлъигун тIад юссана

Дагьал церегIан къоязда «Республикаялъул цIалдохъабазул экологиябгун биологиялъул Централда букIана «Экологические проблемы глазами детей» абураб темаялда конференция. Гьенир гIахьаллъана нилъер районалдаса лъималги. Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат МухIамадова яхъана финалисткалъул ва щвана диплом. Баркула гьелда бергьенлъи ва 8 Март!

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 9 (7253)*
*8 Март 2017 сон*



Нилъ ургъун бахъараб щиб дунялалъе
Рахъун къурал нухал мерхьин гурони,
Пелмуйищ рагъараб, ригъзалищ рарал
Рарал рукъзабахъе рахьин гурони.

Нилъеца гъабураб щиб улкаялъе
Умумазул гъутIби ретIи гурого.
Щияб гъветIищ чIараб, чIорищ бацIараб
Щвараб нилъецаго боси гурого.

## *РагIи - ГIайшат Малачиевалъе*



### Гьелъул пайда щиб?

Зодобе гIунтIараб гIелму щваниги,
Пакълу цадахъ гьечIеб гьелъул пайда щиб?
Паламгo урхъараб махщел къуниги,
Памалмекъий ккани гьелъул къадру щиб.
Зодобе гIунтIараб гIелмуги бугев
Пакълу гьечIолъиялъ чIван рехулев мун,
Паламгo урхъараб махщелги къурав
Памал кIодолъиялъ гьитIинлъулев мун.

### *РекIел нахъа рокъой къулулев щай мун*

Макъида босараб рокьи бигьине
РекIел нахъа рокъой къулулев щай мун.
Къижун ккараб гIищкъул рахIат бахъизе
Нахъеги кочIода квалулев щай мун.
Дир пикрабазулъе кварил кьоги лъун,
ЛъачIого, макьилъе лъугьунев щай мун?
Дир цIорогордазде гьанцIаги рехун,
Гордал рахаралгIан ххарулев кин мун?!
Дур цIар гьорлъа арал дир анищазул
Гьамас ричIичIого чIеларинищ мун?
Дуе бакI букIинчIеб гIодочIелалде
Дица ахIичIого вачIунев щай мун?!

### *Парз тIаса босиладай?*

Хоб бухъараз, магIарухъ,
Хварасухъа мухь унищ,
Жиндаса зикру бачин
Бичун босизе кколищ?
Подорлъуде щваралгIан,
Шагьабаз гуккула дин,
Шагьаразде къаралгIан
Парцуде буссуна дин.
Мусрудалъ течIел кепказ
Васият тIубаладай, -
Чияде тIамун тараб
ТIагIат нилъей щолебдай?
Мухьдахъ ккурал суннатаз
Парз тIаса борхиладай,
Аллагьас дутIа лъураб
БатIияс босиладай?

### МахIмудил рокьицин дулъе бахинищ?

Киехун аниги нух дий битIичIин
Хадур ралагьарал дур берал рукIун,
Лъиде йиссаниги икъбал битIичIин
Къойилго угьдулеб дур рокьиги тун.
Сардал рогьаниги канлъи бихьичIин
Дунял бецIлъарав мун рекIелъги хутIун.
Бакъулал къоязцин хIинкъи тIагIинчIин
Даим хадуб чIчIараб дур рагIад букIун.
Дур гIадинаб гIищкъу данде чIвачIого
ГIадада риччарал дицаги къоял.
Дур гIадаб яхIалъул хIасрат лъачIого,
ЧIорого регарал гIумрудул тIамчал.
Щив балагьаниги багьа гьабичIин
Дур гIадаб балагьи бадиб хъвачIого.
Лъица ахIаниги бакъан рекъечIин
Дур гIадаб кочIоца ракI бахъичIого.
Къисматал, къисаби дандейищ кколел
ДургIан бахIарчияб сабру бергьинчIо!
МахIмудицагицин лъади ячанин,
Дур къобаччиялъул рачел чучичIо!

### Хисардухъаби

Пумроялъ какикьжо хIалхьун тараца
Какил агьлуялъе дарс кьолеб буго.
Аллагь гьечIин кIалъан кIал свакараца
КIалккевеялъул пайда бицунеб буго.
Сонисел «мискинал рекьарухъабаз»
Ханзаби – умумал ургъун рахъула.
Пахьалаб магIишат кочIолъ ахIараз
Капитализмалъул диплом босула.
Партиялъул тIорахь буххизе щвараз
Шагьасул тах тезе фурман кьоларо.
Кьолелъул-щолелъул гьуинлъи лъараз
Гьвелъун херлъаниги ханлъи толаро.

Нужее руччаби

## Дунялалъулго берцинлъиялъул рецептал

### *Чилиялъул руччабазул рецепт*

Гьурмадаса свакалъул гIаламатал инарилъе гьез теркаялда лъулъарал цIолбол кIоркIоназде жубала ханжу ва лъугьараб каша бахуна гьурмада. Гьедин тола I0 минуталъ, хадуб чурула.

### *Египеталъул ясазул Клеопатрал ваннаби*

Хасго гьединаб рахьдалаб ванна хIажалъула халатаб хасалидаса хадуб, тIом кьватIизе лъугьунеб мехалъ. Хинаб лъел ваннаялъубе бай 2 стакан бакъвараб рахьдал, жубазабе. Клеопатра гIадин регила гьелда гьорлъ. Гьелъ тIом лъугьинабула тамахаб, цIвакараб.

### *Испаниязул рецепт*

Расул берцинаб кьер лъугьине испаниязул ясаз хIалтIизабула клюква I\4 стакан клюкваялъул сокалда I\4 стакан лъел жубазабула ва чурун хадуб гьелъ хулула рас. Амма мун блондинка ятани клюква хисизе ккола лимоналъул сокалъ.

### *Индиязул руччабазул маска*

НаххIалаб тIом бугел индиязул руччабаз I кIудияб гьуд цIураб нисдалъе жубала цо гьуд лимоналъул сокалъул. Гьеб бахуна гьурмада, I0-I5 минуталъ тола. Хадуб хинаб лъеца чурула.

**(Ахир 4 гьумералда)**

## ЛъикIин мун йигей

*(ЦРБялъул бетIерай врач, дир классцояй ГIайшат МухIамадовалъе сайгъат гьабула)*

ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад
Пакъилай, камилай кинабго лъалей,
ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад
Дудаса рохарал гIемерал ругин.
КIудияб коллектив, цохIо йигей мун
Цоцада релъинчIел, мурад цо бугел,
Киназего кьезе батулеб гIакьло
ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад.
Мун чара гьечIого хIажатай йиго
Унтарал чагIазе ва лъималазе,
Мун цIехон рачIарал гIемерал руго
ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад.
Сабру цIикIкIарай мун, свак лъаларей мун
Къо рукIкIун, сордо ун, рокъой щоларей,
Унтарал рекIелъ къан, хIалхьи кIочарай
ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад.
Баркала, хирияй, дуй киналъухъго
Свакан йигоники гьал тIалабазухъ,
Къаси-къад сабругун, адаб-хIурматгун
Унтаразда нахъа яхъун чIаралъухъ.
Къаси хIалхьиялда мун къижуларо
ХIалтIул ургъалида гIодой чIун гурей,
ХIалхьи гьечIеб буго, дуй щвараб хIалтIи
ЛъикIинха мун йигей, гьаб ракьалда тIад.
ХIалхьиялъе заман гIумроялъ гьечIей,
Подое йиччараб сагIат щоларей,
Гьаб микьабилеб март дудаги баркун
Сахлъи дуй гьаризе, бокьун буго дий.

## ЦIуне, эбел

Эбел, гьеб рагIиялъ хIеккуна дир ракI
ГьацIуде гьоркьобе лъим ккараб гIадин,
Эбел, гьеб рагIиялъ бохула дир ракI
Пурдада къурдулеб кьегIер киниги.
Эбел, дур, чахтIинир лъурал гьалаца
Сири балаан дир тIолго черхалда.
Агьида кIетIелел чIегIерал гьалаз
Пикраби рикIкIаде риччалароан.
Эбел, эбел, эбел, хирияй эбел
Хиялаз кидаго духъе цIала дун,
Эбел гьеб рагIиялъ хинлъула керен
Кидаго каранда цIа бугеб гIадин.
Эбел, мун хIеренай даим хIасратай,
Киназулго рекIелъ тIегьлъун хутIулей,
Дуниял къуниги кьоларей эбел
Дуда бащалъулеб гьечIо бечелъи.
Рохалида гьоркьор рутеб мехалъги
Эбел ялагъула нилъер бераца,
Кьварилъи кканиги, унтананиги
Эбел кумекилан щурула кIутIбуз.
Санал гIемер сверун, хьахIлъарай эбел,
Дие мун кидаго бахIарго йиго.
Чорхол къуват тIагIун къуларай эбел
Къулула дица дуй гIодобе бетIер.
Пумро уней дица мун ялагъула
Киналго чагIазде берги щвезабун,
Цо дуда релъарай гIадан йихьани
Гирула бадиса бухIараб магIу.
ТIинкIун унеб куц дир бадиса магIо
Хирияй, хIасратай дуде ракIги щун,
Щакъралухунеб куц дир керемалда ракI,
Кидаго мунилан кIутIулеб бугеб.
ЦIуне эбелалъул хIеренал кверал
Кирго хъвагейилан раче каранде,
Кийго унгейилан щуре гIиналде
Нилъго херлъанаги хIажалъулин гьей.

*УмахIабият ГIАБДУЛАЕВА.*
*Унсоколо росу*



# Берцинлъиялъул рецептал



### Бразилиялъул рецепт

Бархат гIадаб тIом букIиналъе Бразилиялъул руччабаз гьеб бацIцIуна ралъдал цIамулъе кофеялъул ахакьги тIун, оливкаял лъул нахги жубазабун.

### Польшаялъул руччабазул прыщаби рукIунаро

Польшаялда гьурмада ва черхалда чIегIерал тIанкIал ва прыщаби рукIинчIого рукIине дрожже хинаб рахьдалъ жубазабула бакъвалъизегIан. Гьеб бахуна гьурмада ва габуралда. Гьедин тола I5 минуталъ, хадуб чурула цIорораб лъеца ва гьабула хинаб компресс.

### Гречанкабазда жахIда ккоге

Греказул ясаз гьурмал берцинаб кьер ва щулияб кунчIараб рас букIиналъе кванилъ хIалтIизабула оливкаялъул нах. Гьеб гьечIони бацIцIадаб семичкадул нах хIалтIизабизе бегьула

### ТIом бацIцIуна бананалъул хъалалъ

Кариб хIорда сверухъ ругел киналго улкабазул руччабаз хIалтIизабула банан. ТIом хIеренлъиялъе гьез гьеб бацIцIуна бананалъул хъалалъ. Гьединго гьеб хIалтIизабула бакъул чIоразул бухIиялдаса тIом цIунизелъунги.

### ГIарабазул руччабаз хъабахъ рикIкIуна королевалъун

ТIом хIеренаб, бацIцIадаб букIиналъе гьез къойида жаниб 3-4 кесек хъабахъалъул кванала. Гьелъ рас кунчIизабула, кIутIбицин берцинлъизарула, беразда берцинаб нур бачIуна. Хъабхъил хъалалъ бацIцIани тIом лъугьуна хIеренаблъун ва регьел бугеблъун.

### Китаялъул пулавалъул косметика

ТIом хIерен гьабиялъе 1/2 стакан пулавадул белъе, гьелъул лъугьараб лъим тIе цоги цIарагIалъубе, (гьеб лъабго къоялъ гьумер чуризе хIалтIизабизе бегьула) хIадурараб пулаялде тIе кIиго кIудияб гьуд хинаб рахьдал ва ччухIе. Лъугьараб карш бахе гьурмада ва I5-20 минуталъ те. Хадуб тIаса пуладул маскаги бахъун, хинаб лъеца чуре. КIиго анкьалъ цо-цо нухалъ гьабе гьедин.



# Сахаб гIумроялъул аслу

ВатIан цIунулезул праздникалъул хIурматалда районалъул бетIер П. НурмухIамадовасул призалъе гIоло 25-26 февралалда районалъул Майданское росулъ т1обит1ана ТIоцебесеб бакIалъе гIоло волейболалъул къецал. Районалъул росабазул I2 бихьиназул командаби гIахьаллъана гьенир. Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер П. НурмухIамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собрания лъул депутат М. МухIамадов, районалъул депутатазул Собрания лъул пред. К. Асадулаев, росабазул бутIрул, щибаб росулъа спорт бокьулел.

Тадбир рагьулаго П. НурмухIамадовас бихьизабуна районалда цIикIкIараб кIвар кьолеб бугин гIемераб халкъ бакIарарал батIибатIиял къецал тIоритIиялде. Гьелъие районалда киналго шартIалги чIезарун руго, рес буго цоцазул хIалбихьи лъазабизе, гьудуллъи щула гьабизе, гIумроялъулъа гIала-гьважа лъугIизабизе, росабиккун къецал тIоритIи гIемерлъизабизе. «Нужеца гIицIго волейбол хIалеб гьечIо, нужерго мисаладалъун бихьизабулеб буго нужедаго тIад кин хIалтIизе ккелебали ва щивасе кьолеб буго хасаб гIумро гьабиялъул мисал»,-ян абуна бетIерас.

Спортсменазда саламалъулал рагIаби абуна гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталъул ва спорталъул отделалъул нач. А. МухIастановас. Гьес цере ругел къецазда бергьенлъаби гьарана спортсменазе.

Турниралъул тIоцебесеб къоялъ рукIана хIаял, кIиабилеб къоялъ дандчIвана полуфиналистал. ТIоцебесеб ва кIиабилел бакIал ккурал Балахьуни ва Майданское росабазул командаби цоцалъ хIан тIоцебесеб бакIалде бачIана белехьдерил команда, кIиабилеб бакI ккуна Майданское росдал командаялъ, лъабабилеб бакI гьоркьоб бикьана ХъахIабросдал ва Колдерил командабаз. Гьенибго призеразе ва гIахьалчагIазе кьуна гIарцулал сайгъатал ва ХIурматалъул грамотаби. Шапакъатал кьуна хIаязулъ ратIа гьаруразеги.

Ахиралда бетIерас баркала загьир гьабуна къецазда гIахьаллъаразе, гьарана хадурккунги лъикIал хIасилал. Киналго ахIана сахаб гIумро гьабизе.

Къецазул къоял ана гьайбатаб гьудуллъиялъул ва жалго церетIезаризе гьира гIолилазулъ бихьизабиялъул ахIвал-хIалалда. Майданское росдал бетIер А. НурмухIамадовасги баркала загьир гьабуна нухмалъиялъе ва районалъул спортсменазе росулъ гьабураб лъикIаб тадбиралъухъ.



# 8 Марталъул махсараби

8 Марталдаса хадуб гьудулалъухъе кIалъана гьудул.

-Кин регIараб 8 март?

- Маргьабалъ гIадин. ДандчIвана гьайбатав принцгун. Гьес тIубараб къоялъго дун кодой ккуна, сайгъатазулъ тIерхьинаюна, абуна хIеренал рагIаби…

- КигIан лъикIдай букIараб. Хадуб щиб ккараб?

- Щиб ккелеб… сордо бащалъуда гьев дирго вукIарав росасде сверана…

* * *

Араб соналъул 8 Марталъ росас лъадуе черолеб машина сайгъат гьабуна, гьаб соналъ мультиваркагIагидай босила,-ян пикро гьабулаго, ургъана. Дирго бетIер гIадал гьабулей йикIине гьей регIизе щай дие гьаб босизе,-абун.

* * *

8 Март щвелалде росас лъадуда гьикъула:

- Кинал дуе тIугьдул рокьулел?

- Розаби.

- БагIаралищ яги хъахIалищ?

- БагIарал.

- БичIчIана, свечабиги ракун шампанскоялдехун кин ялагьулей.

- ЛъикI… Дуца щибгIаги хIадурулебищ бугеб?

-Агьа, дуе данде кколеб открытка балагьулеб буго.

**ЛЪАЗАБИ**

Унсоколо районалъул Балахьуни росдал гьоркьохъеб школалъ 20I3 соналъул 28 июналда МухIамадов Шамил ГIабдулаевичасул цIаралда кьураб 05 БВ сериялъул 000772I номералъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

# Квер бакъаразе - баркала

ХIурматияб Унсоколо районалъул жамагIат!

Жакъа дие газеталдасан бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе февралалъул 25-26 къояз Майданское росулъ нилъер районалъул бетIерасул призалъе гIоло – ВатIан цIунулезул къоги данде къан тIоритIарал волейбол хIаялъул къецал тIоритIизе нижее квербакъарал Майданское росдал бетIер А. МухIамадовичасе, гьебго росдал школалъул директор С. Гунащевасе, учитель П. Пузаировасе, Балахьуни спортшколалъул директор А. МухIамадовасе ва гьединго гьеб мероприятие тIобитIизе сурсатаздалъун кумек гьабурал районалъул бетIерасул кумекчи М. ХIажиевасе, налоговияб инспекциялъул начальник ХI. МухIамадовичасе, Унсоколо районалъул МФЦялъул начальник Б. МухIамадовасе цогидалги квербакъаразе.

Сахлъи, халатаб гIумру, рохел, хIалтIулъ церетIеял, нужее!

**М. МУХIАМАДОВ**


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация МО «Унцукульский район» Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать 7. 3.17 г. 19. 30 фактически -18. 40 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|